

## **RINGKESAN**

Pepa Apriyani. 2017. **Pamakean Model Pangajaran PBL ku Assesmen Autentik pikeun Ngaronjatkeun Hasil Diajar Murid dina Bahan Ajar Sel.** Pangaping 1. Dr. Cartono, M. Pd., M.T jeung Pangaping 2. Drs. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P.

*Panalungtikan ieu ngandung maksud pikeun mikanyaho hasil pamakean model pangajaran PBL ku assesmen autentik pikeun ngaronjatkeun hasil diajar murid dina bahan ajar sel. Hal ieu dumasar pentingna pamakean model pangajaran dina raraga ngaronjatkeun hasil diajar murid sangkan murid proaktif, nu dipalar sangkan ngaronjatna motivasi diajar murid. Populasi dina panalungtikan ieu nyaeta murid kelas XI IPA 2 SMA Pasundan 8 nu jumlahna 38 urang. Metode nu digunakeun dina panalungtikan ieu, nyaeta Pre-Experimental ku ngadesain panalungtikan One-Group Pretest-Posttest. Instrumen nu digunakeunna nyaeta mangrupa soal pilihan ganda nu lobana 20 soal, lembar penilaian sikep, jeung lembar penilaian kaparigeulan. Sarengse ngalaksanakeun panalungtikan jeung nganalisis hasil panalungtikan ngahasilkeun data mangrupa rata-rata pretest murid nu gedena 47,49, nilai rata-rata posttest nu gedenga 78,71 kalawan indeks gain na 0,55 nu nunjukkeun katagori nilai sedang. Dumasar kana data tadi yen hipotesis panalungtik nyata bener, nyaeta yen pamakean model pangajaran PBL ku assesmen autentik dina bahan ajar sel mampu ngaronjatkeun hasil diajar murid.*

**Kecap Pokok:** Model pangajaran PBL, Asesmen Autentik, Hasil Diajar.